

ESPLIKASYON POU RANPLI FÒM SSA-827

ESPLIKASYON SA YO AN KREYÒL AYISYEN POU FÈ OU KONNEN SA KI EKRI SOU FÒM SSA-827 KI ANN ANGLE A. OU DWE SIYEN, DATE, EPI VOYE VESYON FÒM SSA-827 KI ANN ANGLE A TOUNEN NAN BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN OU RETE A POU YO KA TRAVAY SOU DOSYE DEMANN ANDIKAP OU A.

Dosye KI MOUN pou yo Divilge - Tanpri bay prenon ou, dezyèm non ou, siyati, ak tit ou (si ou gen youn) nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans ou.

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON BAY ADMINISTRASYON SEKIRITE SOSYAL (SSA)

****TANPRI LI TOUT FÒM LAN ANVAN OU SIYEN PI BA LA A****

Mwen bay otorizasyon san yo pa fòse mwen epi mwen mande pou yo divilge enfòmasyon mwen (tankou echanj sou papye, nan bouch, epi pa mwayen elektwonik):

DIVILGASYON KISA Tout dosye medikal mwen; epitou dosye edikasyon mwen ak lòt enfòmasyon ki asosye ak kapasite mwen genyen pou travay. Sa gen ladan otorizasyon espesifik pou yo divilge:

- Tout dosye ak lòt enfòmasyon sou tretman mwen, ospitalizasyon mwen ak swen kòm malad ki pa entèn lopital mwen resevwa pou andikap mwen an (yo) tankou, men ka gen lòt bagay tou:**
 - Pwoblèm sikolojik, sikyatrik oswa lòt pwoblèm mantal (pa mete "psychotherapy notes [dosye sikoterapi]" ladan menm jan li make nan 45 CFR164.501)
 - Abi dwòg, bwè alkòl oswa pran lòt bagay
 - Anemi falsifòm
 - Dosye ki ka endike prezans yon maladi kontajye oswa maladi ki pa transmisib ; ak tès oswa dosye konsènan VIH/SIDA
 - Pwoblèm jenetik (tankou rezilta tès jenetik)
- Enfòmasyon sou kijan andikap mwen an anpeche m fini sa m kòmanse fè ak aktivite chak jou epi kijan andikap mwen an afekte kapasite mwen pou mwen travay.**
- Kopi tès oswa evalyasyon edikasyon, tankou Pwogram Edikasyon Endividyèl, evalyasyon chak twa lane, evalyasyon sikolojik ak evalyasyon jan mwen pale, epi nenpòt ki lòt dosye ki ka ede evalye fonksyon mwen; ansanm ak evalyasyon ak pwofesè remake nan mwenmenm .**
- Enfòmasyon ki te kreye nan dènye 12 mwa apre dat mwen te siyen otorizasyon an, ansanm ak ansyen enfòmasyon.**

DIVILGASYON NAN MEN KI MOUN

- Tout sous medikal (lopital, klinik, laboratwa, doktè, sikolog, elatriye) ansanm ak kote ki bay swen sante mantal, enstitisyon koreksyonèl, tretman pou adiksyon, ak lot enstitisyon ki bay swen sante pou veteran (VA)
- Tout sous edikasyon (lekòl, pwofesè, administratè dosye, konseye, elatriye)
- Travayè sosyal/konseye reyabilite
- Ekzaminatè ki konsiltan SSA itilize
- Patwon, konpayi asirans, pwogram asirans pou aksidan nan travay (workers' compensation)
- Lòt moun ki ka konnen enfòmasyon konsènan eta maladi mwen (fanmi, vwazen, zanmi, fonksyonè piblik)

BAY KI MOUN

Administrasyon Sekirite Sosyal la ak ajans Leta ki gen otorizasyon pou travay sou dosye mwen an (dabitid yo rele li "disability determination services [sèvis detèminasyon andikap]"), **ansanm ak sèvis kopi kontra, ak doktè oswa lòt pwofesyonèl yo konsilte pandan yo ap travay sou dosye a.** [Epitou, pou demann entènasyon, bay Pòs Sèvis Aletranje nan Depatman Leta Etazini (U.S. Department of State Foreign Service Post)].

OBJEKTIF

Detèmine si mwen kalifye pou avantaj yo, pandan y ap konsidere tout efè nenpòt ki andikap mwen genyen ki, poukont yo, ta gen dwa pa ranpli kondisyon ki genyen nan definisyon andikap SSA a, epi y ap konsidere tou si wi ou non mwen ka jere avantaj sa yo.

Make bwat ki agòch la sou fòm SSA-827 ann Anglè a si n ap detèmine si wi ou non ou kapab jere avantaj ou yo SÈLMAN.

LÈ LI EKSPIRE Otorizasyon sa a bon pou 12 mwa apati dat li siyen an (siyati mwen nan fen paj la).

- Mwen bay otorizasyon pou yo sèvi ak yon kopi fòm sa a (epi ak yon kopi elektwonik) pou yo ka divilge enfòmasyon ki dekri pi wo yo.
- Mwen konprann gen kèk sikonstans kote yo ka divilge enfòmasyon sa yo bay lòt pati (gade paj 2 pou detay).
- Mwen ka ekri SSA ak sous mwen yo pou mwen revoke otorizasyon sa a nenpòt ki lè (gade paj 2 ESPLIKASYON FÒM SSA-827). SSA ap ban mwen yon kopi fòm sa a si mwen mande sa; mwen ka mande sous la pou li pèmèt mwen fè enspeksyon oswa resevwa yon kopi enfòmasyon yo pral divilge a.
- Mwen li toulède paj fòm sa a epi mwen dakò pou yo divilge enfòmasyon ki dekri anwo a epi ki soti nan kalite sous ki mansyone yo.**

TANPRI SIYEN AVÈK LANK BLE OSWA NWA SÈLMAN.

MOUN ki ap bay otorizasyon pou divilgasyon an

SIYEN Moun nan dwe siyen epi make dat la sou fòm otorizasyon sa a, epi mete nimewo telefòn li ak kòd rejyonal telefòn nan, adrès lari kote li rete a, vil, eta ak kòd postal li.

Si se pa moun y ap divilge enfòmasyon sou li a ki siyen, esplike ki rezon ki fè moun ki siyen an gen otorite pou siyen. Make bwat ki koresponn nan sou fòm SSA-827 ann angle a pou fè konnen si moun ki siyen an se paran yon minè, moun ki responsab legal la, oswa lòt reprezantan pèsonèl minè a (esplike). Siyen fòm SSA-827 ann angle kote yo bay la si lalwa Eta a oblije gen de (2) siyati.

TEMWEN: Nan seksyon fòm SSA-827 ann angle sa a , yon moun ki konnen moun i ap siyen fòm sa a dwe siyen kòm temwen epi bay nimewo telefòn li oswa adrès li. Gen espas pou yon dezyèm temwen, si li nesèsè.

Yo fè fòm pou bay otorizasyon jeneral ak espesyal pou divilge enfòmasyon sa a pou respekte kondisyon ki genyen nan règleman konsènan divilgasyon enfòmasyon medikal, divilgasyon sou edikasyon ak lòt enfòmasyon dapre P.L. 104-191 ("HIPAA"); 45 CFR parts 160 ak 164; 42 U.S. Code section 290dd-2; 42 CFR part 2; 38 U.S. Code section 7332; 38 CFR 1.475; 20 U.S. Code section 1232g ("FERPA"); 34 CFR parts 99 ak 300; ak lwa Leta.

Esplikasyon Fòm SSA-827, “Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon bay Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA)”

Nou bezwen ou ba nou otorizasyon ou pa ekri pou ede nou gen enfòmasyon nou bezwen pou nou ka travay sou reklamasyon ou la epi pou nou ka detèmine kapasite ou genyen pou jere avantaj ou yo. Lalwa yo ak règleman yo oblije pou moun k ap divilge enfòmasyon pèsònèl sou ou ba nou yo gen yon otorizasyon ou siyen anvan pou yo ba nou enfòmasyon sa yo. Epi tou lalwa egzije pou ou bay otorizasyon espesyal pou yo divilge enfòmasyon sou kèk maladi ou genyen epi pou nou pran enfòmasyon nan men kèk sous edikasyon.

Ou ka bay pèmision sa a lè ou siyen fòm SSA-827. Lalwa Federal pèmèt kote ki gen enfòmasyon sou ou pou yo divilge enfòmasyon sa yo si ou siyen yon sèl fòm otorizasyon pou divilge tout enfòmasyon ou ta genyen ki soti nan tout sous posib ou yo. Nou pral fè kopi otorizasyon sa a pou chak kote yo. Yon òganizasyon ki kouvri (sa vle di, yon sous enfòmasyon medikal konsènan ou menm) gen dwa pa mete kondisyon pou tretman, pèman, enskripsyon, oswa kalifikasyon pou avantaj sou si wi ou non ou siyen fòm otorizasyon sa a. Gen kèk Eta ak kèk kote ki egzije otorizasyon ou bay la make egzakteman non kote ou bay pèmision pou divilge enfòmasyon pèsònèl ou. Nan ka sa yo, nou ka mande ou pou ou siyen yon fòm otorizasyon pou chak kote sa yo epi nou ka antre an kontak avèk ou ankò si nou bezwen ou siyen plis fòm otorizasyon.

Ou gen dwa pou ou revoke otorizasyon ou ba nou an nenpòt ki lè, eksepte si yon sous enfòmasyon te deja baze sou otorizasyon ou lan pou pran yon aksyon. Pou revoke otorizasyon ou te bay la, ekri yon deklarasyon voye bay nenpòt Biwo Sekirite Sosyal. Si ou fè sa, voye yon kopi deklarasyon an tou bay nenpòt nan kote ou pa vle ki divilge enfòmasyon ba nou yo ankò; SSA ka fè sa pou konnen si nou idantifye nenpòt kote ou pat di nou, men ki ba nou enfòmasyon. SSA ka sèvi ak enfòmasyon yo te divilge anvan revokasyon otorizasyon ou lan pou pran desizyon sou demann ou a.

Se règleman SSA pou bay moun ki pa pale angle byen sèvis nan lang manman yo oswa mwayen kominakasyon yo pito a dapre Executive Order (Lòd Egzekitif) 13166 (11 dawout, 2000) ak Individuals with Disabilities Education Act (Lalwa sou Edikasyon Moun ki Andikape). SSA fè tout efò rezonab pou garanti yo ba ou enfòmasyon ki nan fòm SSA-827 a nan lang manman oswa nan lang ou pi pito a.

Deklarasyon Lwa sou Enfòmasyon Pèsònèl – Koleksyon ak Itilizasyon Enfòmasyon Pèsònèl

Sections 205(a), 223(d)(5)(A), 1614(a)(3)(H)(i), 1631(d)(l) ak 1631(e)(l)(A) nan Social Security Act (Lwa Sekirite Sosyal) menm jan yo modifiye li nan [42 U.S.C. 405(a), 433(d)(5)(A), 1382c(a)(3)(H)(i), 1383(d)(l) ak 1383(e)(l)(A)] ba nou otorizasyon pou nou kolekte enfòmasyon sa a. N ap itilize enfòmasyon ou bay la pou ede nou detèmine si ou kalifye oswa si ou toujou kalifye pou avantaj yo, ak pou nou detèmine kapasite ou genyen pou jere nenpòt avantaj ou resevwa. Ou bay enfòmasyon an si ou vle. Men, si ou pa bay enfòmasyon nou mande a, sa ka anpeche nou pran desizyon egzak la atan sou reklamasyon ou, epi sa ka fè nou refize ba ou avantaj yo oswa ou ka pèdi avantaj yo.

Nou pa itilize enfòmasyon ou bay sou fòm sa a souvan pou okenn rezon apade rezon ki esplike anwo a. Men nou ka itilize enfòmasyon an pou administrasyon ak pou entegrite pwogram Sekirite Sosyal yo. Nou ka divilge enfòmasyon an tou bay lòt moun oswa lòt ajans dapre itilizasyon regilye ki apwouve yo, pou rezon sa yo, men itilizasyon an pa limite a yomenm sèlman:

1. Pou pèmèt yon tyès pati oswa yon ajans ede nou etabli dwa ou genyen pou resevwa avantaj oswa kouvèti Sekirite Sosyal;
2. Pou respekte lalwa federal ki egzije divilgasyon enfòmasyon ki nan dosye nou yo (pa egzanp, Government Accountability Office [Biwo Responsablite Gouvènman], General Services Administration [Administrasyon Sèvis Jeneral], National Archives Records Administration [Administrasyon Dosye Achiv Nasyonal] ak Department of Veterans Affairs [Depatman Zafè Veteran]);
3. Pou detèmine kalifikasyon nan pwogram pou menm kalite sante ak pou mentni revni nan nivo federal, etatik ak lokal; epi
4. Pou fasilite rechèch pou estatistik, verifikasyon, oswa aktivite pou mennen investigasyon ki nesèsè pou garanti entegrite ak amelyorasyon nan pwogram nou yo (pa egzanp, U.S. Census Bureau (Biwo Resansman nan Etazini) ak òganizasyon prive ki gen kontra avèk nou).

Nou ka sèvi ak enfòmasyon ou ba nou an tou lè nou konpare dosye yo nan òdinatè. Pwogram konparezon nou yo konpare dosye nou yo ak lòt dosye Federal, dosye Eta a oswa ajans gouvènman lokal yo kenbe. Nou itilize enfòmasyon ki genyen nan pwogram sa yo pou etabli oswa verifye kalifikasyon yon moun pou pwogram avantaj Gouvènman Federal la finanse oswa administre epi pou nou refè pèman ki pa kòrèk oswa po peye dèt ki poko peye dapre pwogram sa yo.

Ou ka jwenn yon lis konplè sou jan nou itilize enfòmasyon ou ba nou yo regilyèman nan Privacy Act Systems of Records Notices (Sistèm sou Lwa sou Enfòmasyon Pèsònèl nan Avi sou Dosye) nou yo ki rele, Claims Folder System (Sistèm pou Katab Reklamasyon), 60-0089; Master Beneficiary Record (Dosye Prensipal Benefisyè), 60-0090; Supplemental Security Income record and Special Veterans benefits (Dosye sou Revni Sipleman pou Sekirite ak avantaj Espesyal pou Veteran), 60-0103; ak Electronic Disability (eDIB) Claims File (Dosye Elektwonik sou Reklamasyon pou Andikap [eDIB]), 60-0340. W ap jwenn avi yo, enfòmasyon anplis konsènan fòm sa a, ak enfòmasyon konsènan sistèm ak pwogram nou yo sou entènèt, nan www.socialsecurity.gov oswa nan nenpòt biwo Sekirite Sosyal.

LWA SOU REDIKSYON DOKIMAN NAN BIWO

Koleksyon enfòmasyon sa a ranpli kondisyon egzijans 44 U.S.C. § 3507, dapre chanjman ki genyen nan Section 2, Paperwork Reduction Act of 1995 (Lwa 1995 sou Rediksyon Papye Biwo). Ou pa bezwen reponn kesyon sa yo, amwenske nou montre yon nimewo kontwòl ki valid ki soti nan Biwo Jesyon ak Bidjè. Nou panse l ap pran ou apeprè 10 minit pou li esplikasyon yo, rasanble detay yo, epi reponn kesyon yo. **VOYE OSWA POTE FÒM OU RANPLI A BAY BIWO SEKIRITE SOSYAL KI NAN ZÒN KOTE OU RETE A.** Ou ka jwenn biwo Sekirite Sosyal nan zòn kote ou rete a nan sitwèb SSA a, nan www.socialsecurity.gov. W ap jwenn lis non biwo yo tou nan anyè telefòn anba ajans Gouvènman Etazini **oswa ou ka rele Sekirite Sosyal nan 1-800-772-1213 (Telefòn pou moun ki soud oswa ki pa tande byen nan 1-800-325-0778).** Ou ka voye kòmantè sou kantite tan nou evalye anwo a bay: SSA, 6401 Security Blvd, Baltimore, MD 21235-6401. **Voye kòmantè sou kantite tan nou evalye a sèlman nan adrès sa a. Pa voye fòm ki ranpli a nan adrès la.**